



Fòmilè HIB 338

Rapò (HIB) sou Asèlman, Entimidasyon, oswa Pèsekisyon

Se Fanmi yo / Responsab Swen yo ki Dwe Ranpli li

Se Direktè a oswa Reprezantan an ki Pou Ranpli Pati sa a

Dat ak Lè li Resevwa:

Ensidan:

Paran yo oswa gadyen legal yo dwe itilize fòmilè sa a pou rapòte akizasyon HIB. Yon deklarasyon alekri viktim prezime an fè oswa lòt prèv gendwa atache nan do Fòmilè HIB 338 sa a (pa egzanp: kopi ekran, tèks diskisyon, elatriye). Yon fwa lekòl la resevwa fòmilè an, direktè a responsab pou li aplike règleman ak pwosedi distri lekòl la. Y ap fè yon ankèt byen vit pi vit sa posib, men pa pita pase 10 jou lekòl apati dat rapò alekri sou ensidan an. Si ou gen nenpòt kesyon sou ankèt la, tanpri kontakte direktè lekòl la.

Esplikasyon yo

Ranpli fòmilè ki anba a pou w bay enfòmasyon an detay sou ensidan HIB prezime an. Si kèk espas pa aplikab oswa si ou gen dout sou repons lan, ou gendwa sote espas sa yo. Fòmilè sa a gendwa soumèt yon fason anonim.

Enfòmasyon sou Lekòl la

Distri Lekòl la:

Lekòl:

Moun k ap Ranpli Fòmilè an

Si ou prefere rete anonim, kite seksyon sa a vid. Moun ki ranpli Fòmilè HIB 338 sa a antanke rapòte anonim gendwa konsidere ajoute non li kòm yon temwen.

Non moun k ap ranpli fòmilè sa a:

Relasyon avèk moun ki enplike nan ensidan HIB prezime an
(pa egzanp: paran, gadyen legal, granparan, eksetera):

Nimewo telefòn:

Adrès imèl:

Enfòmasyon sou Ensidan an

Dat ensidan an (mm/jj/aaaa):

Lè ensidan an apeprè

Dekri ensidan an avèk tout kantite detay ki posib. (Kisa ensidan an te ye? Ki moun ki te enplike nan ensidan an? Kòman yo te enfòme w pou ensidan an? Kisa ki te pase nan moman ensidan an? Kòman ensidan an te rive?)

Kote (yo) byen presi pou ensidan an (pa egzanp: nan otobis lekòl nan maten an, nan koulwa zòn syans lan, sou entènèt apati rezo sosyal, eksetera)

Lotè Prezime (yo)

Non Lotè Prezime (yo):

Dapre konesans ou, chwazi tout sa ki valab konsènan lotè prezime (yo):

- ☐ Lotè prezime (yo) ale nan lekòl ki endike anwo la a.
- ☐ Lotè prezime (yo) ale nan yon lòt lekòl.
- ☐ Lotè prezime (yo) ap travay pou lekòl la/distri lekòl la.
- ☐ Lotè prezime (yo) pa travay pou lekòl la/distri lekòl la.

Viktim Prezime (yo)

Non viktim prezime (yo):

Dapre konesans ou, chwazi tout sa ki valab konsènan viktim prezime (yo):

- ☐ Viktim (yo) ale nan lekòl ki endike anwo la a.
- ☐ Viktim (yo) ale nan yon lòt lekòl.

Temwen yo

Ranpli seksyon sa a avèk non tout temwen ki ka genyen yo.

Non Elèv la:

Non Pèsonèl la:

Non Paran an:

Lèt Non yo (presize tit oswa pòs pou yo chak):

Siyati

Siyati Moun ki Ranpli Fòmilè HIB 338 sa a:

Dat:

Seksyon Direktè Lekòl la/Reprezantan ki Deziyen ak Sipè-entandan an

Se Direktè Lekòl la/Reprezantan ki Deziyen ak Sipè-entandan an ki pou ranpli pati sa a

Remak: Yo dwe konsève fòmilè ki ranpli a nan dosye lekòl la. Direktè a dwe soumèt rapidman yon kopi fòmilè sa a bay sipè-entandan an.

Itilizasyon Dispozisyon pou Desizyon Preliminè

Si règleman distri lekòl la pèmèt itilizasyon yon desizyon preliminè pou rapò HIB yo, kesyon 1 ak 2 ki anba a *dwe* ranpli sou chak fòmilè. Distri lekòl ki pa otorize itilizasyon yon desizyon preliminè pou rapò HIB yo, dwe kite seksyon sa a vid.

1. Kesyon pou Direktè Lekòl la/Reprezantan ki Deziyen

Èske yo te pran yon desizyon preliminè pou pa antreprann yon ankèt HIB paske ensidan oswa plent ki rapòte a se yon rapò ki andeyò domèn definisyon HIB an? Koche youn anba la a epi soumèt fòmilè sa a bay Sipè-entandan an.

☐ Wi - Swiv politik distri lekòl ou a pou lòt rapò yo (pa egzanp: kòd konduit elèv yo, referans nan sèvis oryantasyon, elatriye).

☐ Non - Al gade nan politik HIB distri lekòl ou a pou lanse yon ankèt HIB.

Kòmantè (pa obligatwa):

2. Kesyon pou Sipè-entandan an

Si repons lan pou kesyon 1 an se wi, èske w ap egzije pou direktè lekòl la/represantan ki deziyen an antreprann yon ankèt HIB baze sou domèn definisyon HIB an? Koche youn epi kontinye jan li endike an.

☐ Wi - Enfòmè direktè a sou desizyon sa a alekri epi mande direktè a pou li lanse yon ankèt HIB dapre politik distri a.

☐ Wi - Swiv politik distri lekòl ou a pou lòt rapò yo (pa egzanp: kòd konduit elèv yo, referans nan sèvis oryantasyon, elatriye) epi konsève yon kopi fòmilè sa a.

Si repons pou kesyon 1 an se non, swiv politik distri lekòl ou a pou ankèt HIB epi konsève yon kopi fòmilè sa a.

Kòmantè (pa obligatwa):